

**MIYAK KADURJANAN SAJRONE CERBUNG *GETIH SRI PANGGUNG*  
ANGGITANE KUKUH S. WIBOWO  
(TINGINGAN STRUKTURAL)**

**Dyah Tri Wulandari**

Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri  
Surabaya

**Pembimbing**

**Drs. Sugeng Wiyadi**

Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri  
Surabaya

**ABSTRAK**

Cerbung *Getih Sri Panggung* iki kadhudhah kanthi tingingan struktural kanggo nitingi kepriye struktur crita detektif cerbung kasebut. Panliten iki kalebu kritik sastra, nggunakake pendekatan intrinsik kanthi metode analisis teks. Metode analisis teks digunakake kanggo mangerteni strukture cerbung.

Asile panliten nuduhake menawa cerbung GSP netepi konvensi minangka crita detektif, unsur-unsur intrinsik nduweni sesambungan kang harmonis marang underaning prakara kanggo miyak wewadi rajapati. Struktur critane yaiku tema, paraga, alur, kelir nganti konflik sajrone crita GSP. Sajrone crita digambarake kepriye paraga detektif anggane miyak rajapati kasebut. Pungkasane dicritakake pranyata kang nindakake kadurjanan kasebut ora liya Pak Prabakesa bojone Praharsini kanthi kongkonan John Baunu anak pupone Pak Praba. Kanyatan mau mujudake ending kang ngagetake (surprise) jalaran pengarang nampilake paraga-paraga kang sadurunge pantes dicubriyani minangka paraga durjana (*foreshadowing*).

**PURWAKA**

Jaman saiki sastra Jawa modern saya ngrembaka. Saiki kita bisa nemokake pengarang-pengarang sastra Jawa saya akeh, ing antarane Harwimuka, Sunarko Budiman (Narko Sodrun), Sumono Sandy Asmoro, Ardini Pangastuti, lan sapanunggalé. Pengarang-pengarang kasebut wis ngasilake karya-karya sing akeh banget, ing antarane arupa guritan, cerkak, cerbung lan novel.

Saliyane pengarang-pengarang kang wis kondhang kasebut, uga ana pengarang anyar antara liya Kukuh S. Wibowo sing wis ngasilake karangan arupa crita sambung. Kukuh S. Wibowo sinebut pengarang anyar amarga nalika buku *Antologi Biografi Pengarang Sastra Jawa Modern* terbit 2006 jenenge durung tinulis ing buku kasebut. Miturut pamawase panliti, jenenge Kukuh S. Wibowo durung katulis ing buku kasebut amarga karyane durung akeh. Saliyane iku, nalika buku kasebut ditulis, karyane Kukuh S. Wibowo durung ana sing diterbitake. Karyane Kukuh S. Wibowo yaiku cerbung *Rajapati Ing Pereng Wilis* (ing *Panjebar Semangat*, 2011) lan *Getih Sri Pangung* (ing *Panjebar Semangat*, 2013). Cerbung cacah loro kasebut mujudake crita detektif.

Crita detektif yaiku sawijine cerita roman kang nyritakake sawijine agen polisi utawa sawijine detektif kang trampil mbukak wewadi rajapati utawa kadurjanan ([www.blogger.com](http://www.blogger.com)). Tegese, crita detektif iku mesthi nduweni sesambungan karo *kriminalitas*. Saliyane iku, crita detektif mujudake crita kang nduweni tema perjuwangan kanggo mbela kabecikan lan keadilan (Hutomo, 1975:63).

Panliten iki, bakal nлити ngenani crita sambung *Getih Sri Panggung* karangane Kukuh kang kapacak ing majalah *Panjebar Semangat* no. 12-26 taun 2013. Cerbung kasebut narik kawigaten jalaran sawetara bab. Kapisan, saka irah-irahane yaiku *Getih Sri Panggung* (sateruse disingkat GSP), salaras banget karo critane yaiku ngenani salah sawijine paraga kethoprak kang tinemu mati diperjaya sadurunge pentas. Kapindho, struktur naratif cerbung GSP kasebut uga narik kawigaten.

Minangka crita detektif, cerbung GSP nduweni struktur crita kang apik, dicritakake kanthi runtut lan cetha, kasusun saka unsur-unsur pambangun kang nduweni gegayutan siji lan liyane saengga crita kasebut mujudake karya seni kang wutuh. Sajrone cerbung GSP kasebut konflik disebabake rasa cemburu, dendham lan masalah utang kang nyebabake

ana salah sawijine paraga diperjaya. Konflik sajrone crita kasebut nyebabake Praharsini kelangan nyawane. Sing saya gawe muyeke konflik yaiku matine Praharsini kasebut dadi wewadi amarga ora ana sing ngonangi sapa sing merjaya Sini. Bab kasebut gawe bingunge wong akeh, kalebu anggota kethoprak Waskita Budaya. Crita GSP kasebut saya narik kawigaten nalika konflik-konflik liyane tuwuh ing tengah crita.

Muncule paraga Detektif Setyawan tetela kasil miyak kadurjanan kang nyebabake tiwase sri panggung kethoprak. Paraga detektif ing crita kasebut miyak kadurjanan kanthi ngati-ati, kanthi nggatekake kedadeyan-kedadeyan kang bisa wae dadi jalarane prakara kasebut.

Cerbung GSP anggitané Kukuh S. Wibawa kalebu jinise crita detektif. Sajrone carita detektif biyasane ana rajapati, anane paraga alibi, anane paraga detektif uga ana wewadi kang kudu dipiyak. Semono uga ing cerbung kasebut. Crita detektif nduweni saka struktur intrinsik kang unsur-unsur nduweni sesambungan saengga ngasilake crita kang narik kawigatene pamaos.

Andhedhasar landhesaning panliten kasebut, prakara kang bakal dianalisis sajrone cerbung *Getih Sri Panggung* yaiku (1) Kepriye wujud crita sambung *Getih Sri Panggung*? (2) sapa paraga-paraga sing disujanani minangka durjana? (3) Apa pigunane cerbung *Getih Sri Panggung*? Gegayutan karo undheraning panliten kasebut, panliten iki nduweni ancas (1) Nggambarake wujud cerita sambung *Getih Sri Panggung*. (2) Ngandharake paraga-paraga sing disujanani minangka durjana. (3) Ngandharake pigunane cerbung *Getih Sri Panggung*.

#### TINTINGAN KAPUSTAKAN

Ana sawetara panliten kanthi objek karya sastra nggunakake titingan struktural. Panliten kang saemper karo panliten iki ing antarane Panlitene Ratna Indriani kanthi irah-irahan *Cerita Detektif Karya Suparto Brata* (1987), ngandharake yen struktur crita detektif karyane Suparto Brata salaras karo wujud crita saka manca (crita Barat). Panlitene Beti Okviyanti kanthi irah-irahan *Alur Sajrone Novel Detektif Pethite Nyai Blorong Anggitane Peni: Titingan Struktural* (2012) nuduhake menawa crita kasebut kalebu crita detektif lan sing paling onjo sajrone crita kasebut yaiku plot; kaidah plot ing antarane *suspense*, *foreshadowing* lan *surprise* kang mujudake

perangan kang paling wigati sajrone crita detektif. Kang pungkasan yaiku panlitene Gita Sonia saka Universitas Negeri Yogyakarta yaiku kanthi irah-irahan *Struktur Naratif dan Penokohan Tokoh Utama Pada Novel Garuda Putih Karya Suparto Brata* (2012). Panliten kasebut nuduhake yen sing paling onjo sajrone novel *Garuda Putih* yaiku kedadeyan-kedadeyan sing sambung-sinambung lan mbentuk alur kang nggambarake prastawa sing diadhepi dening paraga baku yaiku detektif Handaka.

#### METODE PANLITEN

Panliten *Miyak Kadurjanan Sajrone Cerbung Getih Sri Panggung Anggitane Kukuh S. Wibowo Titingan Struktural*, nggunakakependekatan intrinsik. Adhedhasar pamawase Wellek & Warren (1990), pendekatan instrinsik yaiku pendekatan kang ngrembug ngenani unsur-unsur pamangun karya sastra. Pendekatan intrinsik nggayutake unsur-unsur kang ana sajrone karya sastra tanpa ndeleng aspek-aspek sanjabane karya sastra.

Teknik analisis dhata sajrone panliten iki nggunakake metode analisis teks. Metodhe analisis teks yaiku metode kang digunakake kanggo njupuk dhata-dhata kang ana sajrone karya sastra (novel, cerbung) kanthi cara ndheskripsikake. Kanthi migunakake metodhe analisis teks, struktur karya sastra kang arupa novel utawa cerbung bakal bisa dijlentrehake.

Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku cerita sambung *Getih Sri Panggung* anggitané Kukuh S. Wibawa. Cerbung kasebut kapacak ing majalah *Panjebar Semangat* nomer 12 nganti 26, taun 2013, Maret nganti Juni. Dene dhata kang diklumpukake yaiku dhata kang awujud tembung-tembung utawa ukara kang awujud cuplikan-cuplikan saka cerita sambung *Getih Sri Panggung* kang trep karo underaning panliten.

#### ANDHARAN

##### 1. Struktur Naratif Cerbung GSP

###### 1.1 Tema : Rajapati Sri Panggung

Kanggo mangerteni apa temane cerbung *Getih Sri panggung*, luwih dhisik kudu dimangerteni kepriye dumadine crita kanthi wutuh. Cerbung *Getih Sri Panggung* nyritakake ngenani anane kedadeyan rajapati ing kethoprak tobong Waskitha Budaya kang manggon ing Taman Panglipur Surabaya. Rajapati kasebut dialami dening Praharsini utawa Sini, sri panggung kethoprak Waskitha

Budaya. Praharsini ditemokake tanpa nyawa ing kamar rias pribadine kang mujudake tilase kios lan kios mau dumunung ing mburine gedhung, mbeneri pentas kethoprak arep diwiwiti. Sejatine, panggonan sing digunakake Sini yaiku kios sing wis ora digunakake sing ana ing sacedhake gedhung pementasane kethoprak.

Kedadeyan kuwi ndadekake bingunge para anggota kethoprak Waskitha Budaya, mligine Wicitra sing dadi pimpinan kelompok kethoprak kasebut. Amarga kedadeyan kuwi, Wicitra banjur kongkongan nglaporake menyang polisi. Nanging ora dinyana nalika polisi nyoba mriksa TKP lan prentah supaya pentase dibuyarake, ana sawijine pawongan sing melu nyekseni olah TKP usul supaya pentas kuwi ora dibubarake. Pawongan kuwi yaiku Setyawan ponakane Pak Wicitra. Setyawan ana ing papan kono sakawit nuruti panjaluke Wicitra supaya nonton pagelaran bengi iku kanthi lakon “Arya Panangsang Gugur”. Bareng Setyawan ditepungake Wicitra marang Komisaris Pamungkas Kapolsek Tambaksari, polisi kasebut kelingan yen Setyawan iku mujudake sawijine detektif saka Kediri kang nate miyak rajapati ing pereng wilis. Sawise kuwi Setyawan mbyantu polisi kanggo miyak wewadi matine Praharsini.

Praharsini ditemokake tanpa nyawa dening Pujiyanto ing kamar rias pribadine. Nalika iku Pujiyanto dikongkon Wicitra supaya nyeluk Sini, amarga pentas arep diwiwiti. Nanging Pujiyanto malah nemokake Sini sing ngglethak bantalan tangan lan salah sawiji driji manise wis ora ana.

“Ji, gek ndang susulen Sini! Ngapa ae kok suwe men, kadak mung macak ngunu ae lho,” prentahe Wicitra semu nggrundel.

Tanpa wangsulan Pujiyanto nomoman kang antuk dhapukan bala dhupak, gage njrantal liwat lawang pungkuran. Praharsini wis dandan jangkep. Lungguh kursi plastik, anggane dhoyong lan nglimpreg. Bathuk tumumpang meja rias, bantalan epek-epek tangan tengen. Sikute nekuk. Tangan kiwane nggantung menyang ngisor meja. Piranti rias isih tumata. Ndhuwur siraha Praharsini cumanthel kaca pengilon gedhe sing dipaku entuk cagake kios. Pujianto nyedhak migrang-migring.

“Apa keturon?” batine.

Sumurup getih netes saka driji nggantung, Pujiyanto ngedhap. Anggane Praharsini diwaspadakake premati. Driji manis iku pedhot, getih kekotos. Ora ana tandha-tandha panguripan. Pujiyanto ngewel, jantungge nitir. Awak kemringet, wulune njrag pating prinding. Gendadapan dheweke bali menyang mburi panggung. Ambegane kregosan.

“Endi wonge? Geneya kowe pucet?” pitakone Wicitra ora sranta.

“Anu...Niku...”

“Anu piye? Sing genah ta nek ngomong!”

“Bu Sini...pep...pejah” (GSP, seri 2:19)

Wicitra sing kaget krungu kabar Sini Mati, sanalika iku Wicitra ngongkon anggota liyane kanggo nglaporake menyang kantor polisi sing ana ing daerah Tambaksari. Nalika polisi teka, polisi langsung mriksa TKP, pranyata nalika iku ana Setyawan ponakane Wicitra mbeneri pentas nonton kethoprak. Bebarengan karo polisi, Wicitra banjur ngejak Setyawan ndeleng kahanane Praharsini. Nalika ing TKP Wicitra banjur ngenalake Setyawan marang Polisi Pamungkas.

“Sampean sinten? Sapa kowe?”

“Kula Setyawan, keponakanipun Pak Wicitra.”

“Setyawan...Sik, sik jenengmu kok padha karo jenenge detektif saka tlatah Kediri?”

“Nggih piyambake niki sing namine Detektif Setyawan. Niki ponakan kula,” Wicitra kumecap bombong. (GSP, seri 3: 19)

Amarga wis mangerteni yen Setyawan iku detektif sing ahli, mula Komisaris Pamungkas wis ora sungkan maneh. Dheweke banjur njaluk pambyantune Setyawan kanggo miyak rajapatine Praharsini.

“Lha, bener kuwi. Terus piye penake iki? Miturut panemumu kethoprak diwurungake apa ora? Mumpung kowe ngepasi ana kene, mesisan aku biyantunen ngudhari wewadine rajapati iki,” ucape Pamungkas klesik-klesik karo nggeret Setyawan rada nyisih. (GSP, seri 3:20)

Saka andharan kasebut bisa dimangerteni yen cerbung GSP nduweni tema nglacak patine Praharsini, sri panggung kethoprak Waskitha Budaya. Tema kasebut cocog karo irah-irahane cerbung.

## 1.2 Paraga lan Wewategane

### 1.2.1 Paraga Protagonis

#### 1.2.1.1 Praharsini

Praharsini yaiku sawijine pemain kethoprak senior sing ana ing kelompok Kethoprak Waskitha Budaya, dheweke kalebu paraga baku. Sajrone crita kasebut, Praharsini yaiku Sri Panggung ing Kethoprak Wakitha Budaya. Praharsini digambarake minangka pawongan sing ayu nanging nasipe ora apik amarga dheweke dadi korban rajapati.

#### 1.2.1.2 Wicitra Wirya

Wicitra Wirya yaiku sawijine paraga sajrone crita kasebut kang kalebu paraga protagonis. Dheweke pimpinane kelompok Kethoprak Waskitha Budaya. Wicitra Wirya utawa Pak Wicitra digambarake minangka pemimpin sing teges. Dheweke ora pingin yen nganti ana masalah ing pentas kethoprak sing lagi dilaksanakake dening klompoke. Mula nalika ana anggotane sing ora mbeler dheweke langsung sigap. Kaya nalika Praharsini ora ndang mara ing mburine panggung, Wicitra langsung mrentah sawijine anggotane kang jenenge Pujiyanto supaya nyusul Praharsini amarga pentase arep diwiwiti.

“Ji, gek ndang susulen Sini! Ngapa ae kok suwe men, kadak mung macak ngunu ae lho,” prentahe Wicitra semu nggrundel. Atine kemrungsung. (GSP, seri 2:19)

Saliyane iku Pak Wicitra uga pawongan sing jujur lan apa anane. Nalika dheweke dijaluki katrangan dening polisi lan Detektif Setyawan, dheweke nyritakake kabeh apa sing diweruhi saperlu mbyantu supaya miiyak wewadi rajapatine Praharsini.

#### 1.2.1.3 Ulupi

Uluپی sawijine anggota kelompok Kethoprak Waskitha Budaya sing kalebu anggota senior. Dheweke uga sawijine uwong sing disujanani dadi durjana sing merjaya Sini.

#### 1.2.1.4 Pak Hardjono

Pak Hardjono yaiku pawongan kang dadi salah sawijine dijaluki informasi dening polisi. Dheweke digambarake minangka pensiunan polisi sing disegani dening para anggota polisi liyane kalebu Pamungkas.

#### 1.2.1.5 Prayitno

Prayitno yaiku sawijine paraga ing crita kang dicubriyani dadi tersangka sing mateni Praharsini amarga dheweke cedhka karo ulupi. Dheweke uga priya kang direbutake dening Praharsini lan Ulupi. Karana Prayitno iku, Praharsini nganti padu karo Ulupi.

### 1.2.2 Paraga Antagonis

#### 1.2.2.1 Pak Prabakesa

Pak Praba yaiku mantan angkatan uga mantan bojone Praharsini. Pak Praba digambarake minangka pawongan sing patrape kurang apik lan kalebu paraga (antagonis). Diarani kurang apik amarga dheweke sing ngongkon uwong mateni Praharsini. Amarga kepentingane, dheweke tega ngongkon uwong kang ora liya anak angkate dhewe kanggo mateni Praharsini.

“Awane aku entuk katrangan saka Lik Citra menawa Pak Prabakesa, ya bojone mbak Sini sing pungkasan iku, sawijine pensiunan tentara angkatan dharat. Awan iku aku terus golek warung internet. Asiling panlusuranku ing internet nemokake pituduh yen pak Prabakesa iku duk rikala isih aktif ing militer klebu anggotane Bataliyon Infantri 117 Srigunting sing tau dikirim menyang dhaerah konflik, utamane ing Irian Jaya. Saka kono naluriku kandha yen rajapati mau ana sambung rapete karo Irian Jaya lan pak Prabakesa. Lan aku saya yakin yen John pelakune rajapati nalika ababe mambu jambe lan untune warna abang.”(GSP, seri 15:19)

#### 1.2.2.2 John Baunu

John yaiku anak angkate Pak Prabakesa. Sajrone crita GSP, John kalebu paraga baku (antagonis). John yaiku pawongan kang diprentah dening Pak Praba supaya mateni Praharsini. Dheweke kalebu uwong sing tega mateni bojone bapake dhewe kanggo nglancarake pepingine bapake kuwi, senajan prentahe bapake kuwi ala banget. Oramung kuwi, dheweke uga pinter migunakake panah.

#### 1.2.2.3 Mursidi

Mursidi digambarake minangka pawongan kang gedhe dhuwur, wetenge mbedhah, lambe kandel brengosen. Sajrone crita, Mursidi kalebu paraga antagonis. Mursidi salah sawijine pawongan sing disujanani wis mateni Praharsini, amarga sadurunge Sini ditemokake mati, dheweke sawijine pawongan sing nggoleki Sini saperlu

nagih utang. Nanging, durung nganti dijaluki katrangan dheweke ditemokake mati ing Stasiun Gubeng.

### 1.2.3 Paraga Tritagonis

#### 1.2.3.1 Detektif Setyawan

Sajrone crita *Getih Sri Pangung*, Setyawan minangka paraga baku. Paraga kang nduweni jeneng Setyawan ing crita kasebut yaiku detektif kang kondhang saka tlatah Kediri. Dheweke wis tau kasil miyak rajapati ing Pereng Wilis. Sajrone crita kasebut, Setyawan digambarake minangka ponakane Wicitra kang ora liya yaiku pimpinane kelompok Kethoprak Waskita Budhaya.

“Setyawan.....Sik, sik jenengmu kok padha karo jenenge detektif saka tlatah Kediri?”

“Nggih piyambake niki sing namine Detektif Setyawan. Niki ponakan kula,”Wicitra kumecap bombong.(GSP, seri 3:19)

Setyawan nduweni sipat lan tumindak kang apik. Deweke pawongan kang sopan, tansah ngormati wong liya senajanta dheweke durung kenal marang pawongan kasebut. Dheweke pawongan kang ora seneng dielem, ora sombong, lan ora seneng golek rai nadyan lelabuhane marang polisi gedhe. Ora mung Wicitra sing seneng nduweni ponakan kaya Detektif Setyawan, nanging uwong sing isih kawit ketemu karo dheweke uga ngrasa seneng lan ngrasa dihormati.

#### 1.2.3.2 Pamungkas

Yen ana tindak kadurjanan apa maneh rajapati mesthi ora luput karo sing diarani polisi. Ing crita iki uga ana pulisine kang nduweni jeneng Pamungkas kang dadi paraga baku (protagonis). Pamungkas yaiku Kapolres Tambak Sari kang nangani kasus rajapatine Praharsini. Pamungkas minangka pulisi kang pawongane teges. Pamungkas kuwi pawongan kang teges apamaneh nalika mutusake apa kang kudu ditindakake senanjanta rada atos. Nanging senajan rada atos dheweke tetep basa marang pak Wicitra sing luwih tuwa tinimba dheweke. Bab kuwi nuduh hake yen Pamungkas minangka pawongan kang nduweni unggah-ungguh.

“Penontone ken bibar. Terserah peyan sukani alasan napa. Niki kedadosan dharurat. Rajapejah,”sumambung atos.(GSP, seri 3:19)

Pamungkas minangka polisi sing tegas, tanggung jawab karo tugas sing langi dilaksanakake. Dheweke uga pawongan sing ora sungkan njaluk tulung marang wong liya sing pancen dianggep bisa mecahake masalah utawa kasus sing lagi ditangani.

### 1.3 Alur

Alur yaiku crita kang isine ngenani urutan kedadeyan, nanging saben kedadeyan digayutake kanthi sebab-akibat, kadadeyan sing siji disebabake utawa nyebabake tuwuhe prastawa liyane. Alur sajrone karya fiksi iku kaperang dadi telu, yaiku alur maju, alur mundur lan alur campuran. Sajrone cerbung *Getih Sri Pangung*, pangripta nggunakake alur campuran kanggo nyritakake critane kasebut. Sajrone cerbung GSP, critane diwiwiti kanthi gegambaran ngenani kahanane Taman Panglipur nalika ana pementasan kethoprak.

Penonton teka mbanyu mili. Meh separone kursi kisenan. Hirno sing nginguk saka lawang teras mesem kecut. Penontone akeh merga gratisan. Sakabehing keperluan kanggo pentas rong mbengi pancen wis dicukupi Dinas Kabudayan. Coba yen ditarik karcis. Aja kok nonton,selagine ngungkap wae persasat wani mburuhake. Sing gelem mara dietung driji. Ngunu wae akeh-akehe sing umure wis sandhuwure sewidak(...) (GSP, seri 1:19)

Saliyane kedadeyan iku uga ana kedadeyan liyane sing nuduhake ana crita sing *flashback*. Kayata nalika pak Hardjono nyritakake ngenani Sandipala.

“Nalika semana wancine wis sore. Mas Mintaraga entuk tugas nglanglang, njaga katentreman ana sakiwa tengene Masjid Ampel.anggone patroli nitih sepedha onthel. Jamane isih revolusi, ing ngendi-endi ora aman. (...)

Dumadakan krungu suwara gumrobyag disusul bengok pating jlerit sakasalah sijine toko mas-masan duweke pedagang turunan Arab. Ana uwong mencolot metu saka njero toko mau karo manggul bangkelan. (...)

Ngerti yen dioyak pulisi, malinge banjur ngrebut sepedhahe pawongan sing pinuju liwat ana jembatan merah.sing duwe sepedha didugang nganti klumah

ing aspalan. Sepedha dicengklak banjur digenjot mbandhang miyak lurung sing isih rejo. (...)” (GSP, seri 10:20)

Pak Hardjono nyritakake nalika jaman biyen ana maling sing ngrampok toko mas. Rampok kasebut diuber dening pulisi sing jenenge Mintaraga. Lam prampok sing diuber iku ora liya sing arane sandipala. Perampok sing kondhang banget nalika iku. Sandipala yaiku rampok sing nulung wong cilik. Tegese hasil saka rampokane kuwi ora dipangan dhewe nangeng diwenhake marang wong sing mbutuhake.

Saka cuplikan lan andharan kasebut wis cetha yen alur sajrone crita *Getih Sri Pangung* iku nggunakake alur campuran. Amarga sajrone crita kasebut, pangripta nyritakake critane ora mung maju wae, nanging uga ana crita sing *flashback* kang gawe crita kasebut saya narik.

Saliyane iki pengarang uga nggambarake yen sajrone alur crita ana konflik kang tuwuh. Konflik-konflik tuwuh sawise ana kedadeyan rajapati ing Taman Panglipur. Kanthi tujuwan supaya bisa miyak wewadi matine Praharsini, mula kedadeyan-kedadeyan sadurunge sing ana sangkut paute karo Sini diudal maneh lan nuwuhake konflik-konflik anyar. Konflik sing sepisanan, sajrone crita GSP yaiku nalika Praharsini tukaran karo Ulupi. Kedadeyan kuwi kalebu konfli eksternal, amarga nuduhake yen sabenere ana konflik antarane Ulupi lan Praharsini. Kalorone nganti gelut uleng amarga rebutan wong lanang. Ulupi nglabrag Praharsini sawise latihan kethoprak. Ulupi nudhuh yen Praharsini wis ngrebut Prayitno. Diarani mangkono Sini ora trima akhire padha regejegan, nganti kelorone dadi gelut uleng-ulengan.

“(...) Sekawit mung padudon biyasa. Semon-semongan, lok-lokan, pisuh-pisuhan. Nanging merga kegawa ati panas, suwe-suwe lelorone banjur gelut uleng ing ndhuwur panggung. Jambak-jambakan, tapuk-tapukan, krawus-krawusan. Wah, jan... Aku nganti kangelan misah lho, dhik. Lagi gelem leren saka anggone padha uleng sawise dakancam bakal daklapurake pak Citra.wusana kanthi rambut madhul-madhul Ulupi lunga karo ketrucut nibakake pangancam.” (GSP, seri 8:19)

sajrone cerbung GSP ora mung ana konflik eksternal nanging uga ana konflik internal kaya sing wis diandharake sadurunge. Sajrone crita kasebut uga digambarake konflik batin sawijine paraga ing cerbung kasebut yaiku Ulupi. Cuplikan iku nuduhake nalika Ulupi ngrasa sedhik lan batine kasiksa amarga dheweke rumangsa wong-wong sakiwa tengene sing malih, kabeh padha mlengos amarga kabeh nduweni pikiran yen dheweke sing wis merjaya Praharsini. Dheweke ngrasa dhadhane seseg, mripate pedhes lan pikirane kawur. Sing dianggep dulure malah padha sujana yen dheweke sing mateni Sini, kamangka dheweke ora nglakoni apa sing dituduhake.

Ulupi ngebrukake awake menyang sandhuwure kasur tepos. Ungkep-ungkep. Irunge sentrap-sentrup. Mripat pedhes, pikiran kuwur. Ngrasa urip ijen, ora duwe rowang kanggo ngedum mbesesege dhadha. Rumangsane wong-wong ing sakiwa tengene malih padha mlengos. Ah, upama Ki Lebda Jiwa isih sugeng ulupi Mesthi wis nangis ing pangkone. Swargi Ki Lebda Jiwa ora beda bapak dhewe tumrap ulupi. Tansah aweh panglipur kalane dheweke sedhik. (GSP, seri 4:43)

Saka cuplikan lan andharan kasebut, bisa dimangerteni yen sajrone cerbung *Getih Sri Pangung* pengarang uga nggambarake konflik eksternal lan konflik internal kanthi kedadeyan-kedadeyan sing cetha.

## 1.4 Kelir

### 1.4.1 Kelir Panggonan

Kelir panggonan sajrone Crita sambung GSP digambarake kanthi cetha. Kelir panggonan kang baku jroning cerbung kasebut yaiku kutha Surabaya. Sacara khusus, kelir panggonan kang sesambungan karo kedadeyan rajapati yaiku lokasi pentas kethoprak Waskitha Budaya ing Taman Panglipur Surabaya. Kelir panggonan kedadeyan rajapati digambarake kanthi tliti dening pengarang.

(...) Waskitha Budaya sing nalika iku mancep ana Ponorogo banjur kabedhol lan kaboyong menyang Taman Panglipur Surabaya.

(...) Pentase rutin saben bengi. Nanging suwe-suwe prei merga penontone sepi. Kepara kesenian liyane

ing Taman Panglipur kono, kaya dene ludrug, wayang uwong lan lawak, wis ndhisiki kukut. Saploke sapinggire ratan didegi mall, Taman Panglipur prasasat sepi kuburan. Yen bengi swasanane singup. (GSP, seri 1:20)

Ngenani kahanane kutha Surabaya, jroning cerbung GSP kagambarake kanthi *detail*, apa anane saengga katon urip lan cetha. Kepriye paraga mau anggone numpak sepedha motor lan kahanane dalan-dalan sing diliwati. Tuladhane nalika paraga nyalawadi Mursidi ninggalake Taman Panglipur Surabaya kanthi numpak sepedha motor ngliwati ratan-ratan gedhe ing kutha kasebut.

Astrea kuwuk terus mamprung, lakune zig-zag nyalipi mobil-mobil sing mlaku rendhet krana Lurung Wijaya Kusuma mengidul dalane isih rada padhet. Tekan ratan paju telu, pawongan dhépa nyuda kecepatan. Sengaja golek dalan nyempal kanthi mengkok menyang Lurung Pacarkeling. Nuli mecaki sadawane ratan sing sepi remeng-remeng merga lampune dalan padha mlereg tur antarane lampu siji lan sijine jarake adoh. Sakiwa tengene lurung direktane loji-loji kuna. Saben platarane loji tinanduran wit gedhe ngrembuyung, mahanani swasana sangsaya singup. (GSP, seri 5: 19)

Kelir panggonan liyane ngenani kutha Surabaya jroning cerbung GSP yaiku papan utawa dhaerah kang wis ditepungi wong akeh kayadene Gubeng, Tambaksari, kagambarake luwih ringkes, becik ing wujud gancaran (narasi) apadene pirembugan.

Hirno mandheg anggone mulok sega. Piring sing maune disangga diselehake. Nyaut *remote control* kang gumlethak ing sisihe, dipenek-penek kanggo mbanterake volume. Mripate mendelik. Ora merga mendeliki wanita ayu sing lagi maca berita, nanging isine pawarta lumantar televisi swasta iku sing njalari Hirno sereden. Disebutake menawa esuk mau pulisi nemokake kunarpa ing samburine gedhong bongkor Lurung Gerbong. Kurban tiwas kanthi gulu isih ketanceban panah. (GSP, seri 5:20)

“Wonten berita bilih enjing kalawau pulisi manggihaken jisimipun tiyang jaler ing Gubeng, celak stasiun...” (GSP, seri 6:19)

Kaya kang wis diandharake sadurunge, sajrone cerbung kasebut pengarang uga nggambarake daerah Tambaksari khusus Polsek Tambaksari. Sajrone crita kasebut pengarang uga nggambarake Kantor Polisi Tambaksari kanthi ringkes (ora njlimet). Sajake pengarang duwe panganggep yen pamaos wis ora perlu diwenehi gegambaran ngenani kepriye kahanane kantor polisi.

Isuzu Panther abang ati mlebu platarane Kantor Pulisi Tambaksari. Mandheg ora adoh karo lawang utama, sing mudhun saka jok mburi pawongan tuwa. Mripat sithip, pakulitan nguning langsep. Rambute kari arang-arang. Lakune nggruyuh kumudu kejlungup. Tangane tengen ngewel merga buyuten. Rampung ngudhunake bose, sopir Panther banjur golek papan sela kanggo parkir.

Nyedhaki mejo resepsionis sing dijaga pulisi ayu-ayu loro cacache, siraha cilengan. Pulisi wanita tanggap. Banjur takon kanthi manuhara lan trapsila. (GSP, seri 8: 20)

Ora mung panggonan-panggonan kuwi wae kang nrenggani cerbung GSP. Cundhuk karo lumakune crita kang dinamis, cerbung GSP uga nyebutake dhaerah liyane. Sing paling cetha yaiku dhaerah Trawas Mojokerto. Sajrone crita digambarake nalika pulisi kang nyandhang preman nglacak dumununge Sandipala kang disujanani minangka dhalang patine Praharsini, kanthi numpak mobil Kijang Inova.

Kijang Inova silver metalik ngebut tumuju Mojokerto. Minangka cucuk laku pak Hardjono lenggah ngarep jejer karo sopir Gunaryo. Ora akeh sing digunem ing sadawaning dalan. tetelune luwih akeh jinem. Pamungkas rumangsa entuk pakurmatan gedhe dene senior sing uga tilas komandhan pulisi Surabaya taun 80-an gelem sabyantu tugas. Ora mung udhu panemu, nanging uga soroh bau. Jiwa bhayangkara-ne pak Hardjono pranyata isih makantar-kantar.

Tekan Krian, Inova mengkok ngiwa, ngener menyang Trawas. Lakune rancag. Ora nganti setengah jam wis ngambah Mojosari. Metu Mojosari dalane wiwit krasa munggah. Sesawangan sakiwa tengene lurung katon edi endah ngelam-elami, hawane adhem pating trecep.

Sawise tekan ndhuwur, Hardjono banjur aba murih Gunaryo menggok ngiwa. Mlebu gang cilik sing mung cukup kanggo liwat kendharaan siji. Innova mlaku ngati-ati merga kejaba medhane sangsaya ndeder dalam sing diambah uga rupa makadham. (GSP, seri 12:19)

Saka andharan-andharan kasebut nuduhake yen pengarang pancen pengin nggambarake crita GSP kanthi kelir panggonan kang realistis, cocog karo kanyatan. Senajan cerbung iku hakekate mujudake crita detektif, nanging ora *lepas* saka kanyatan

#### 1.4.2 Kelir wektu

Saben crita mesthi nduweni kelir wektu. Cerbung GSP uga mangkono. Kelir wektu sajrone cerbung GSP, saka wiwitane crita nganti pungkasane digambarake kanthi cetha, wiwit anane rajapati ing Taman Panglipur nganti kawiyake wewadi kasebut wektu kang digambarake kurang luwih telung ndina.

Sajrone cerbung GSP digambarake yen kedadeyan ing crita kasebut ana ing wektu-wektu tartamtu, yaiku ing wayah wengi, awan, lan sore. Critane diwiwiti nalika Praharsini ditemokake mati ing panggonan riyas, kedadeyan kuwi kelakon ning wayah wengi nalika pentas arep diwiwiti.

“Serius mas. Satemene aku ora sengaja nemu pentil jambe iki. Nalika panjenengan sarawang kundur saka Taman Panglipur sawise olah TKP ing wengi sedane Mbak Sini kae, aku bali kliter-kliter ana kiwa tengen kios. (...)”  
(GSP, seri 15:19)

Pengarang uga nggambarake kedadeyan ing wayah liyane yaiku ing wayah awan. Salah sawijine kedadeyan ing wayah awan yaiku nalika Polisi Pamungkas, Gunaryo, lan Pak Hardjono lunga menyang Trawas arep nggoleki Sandipala.

Tekan Krian, Innova menggok ngiwa, ngener menyang Trawas. Lakune rancag. Ora nganti setengah jam wis ngambah Mojosari. Metu Mojosari dalane wiwit krasa munggah. Sesawangan sakiwa tengene lurung katon edi endah ngelam-elami, hawane adhem pating trecep. Sawise tekan ndhuwur, Hardjono banjur aba murih Gunaryo menggok ngiwa.

Mlebu gang cilik sing mung cukup kanggo liwat kendharaan siji. Innova mlaku ngati-ati merga kejaba medhane sangsaya ndeder dalam sing diambah uga rupa makadham. (GSP, seri 12:19)

Saka cuplikan kasebut bisa dimangerteni yen kedadeyan kasebut nuduhake wayah awan. Nalika awan, kahanan ing dhaerah trawas bisa dideleng kanthi cetha mula digambarake kanthi ukara “Sesawangan sakiwa tengene lurung katon edi endah”. Saliyane iku uga digambarake yen nalika dalane saya munggah wiwit krasa hawane adhem, ateges sadurunge munggah hawane ora adhem.

Pengarang uga nggambarake salah sawijine kedadeyan penting ing wayah awan. Kedadeyan kasebut yaiku nalika polisi lan Detektif Setyawan nyekel John Baunu lan Pak Prabakesa. Nalika iku Detektif Setyawan macak dadi tukang pos sing lagi ngeterake paket, banjur para polisi nyamar dadi tukang becak lan tukang bakso ing sacedhake omahe Pak Praba.

Pak pos mbacutake laku tumuju prapatan, kaya pituduhe satpam perumahan. Ing prapatan kono tukang pos nyumurupi akeh tukang becak padha thethenguk nunggu penumpang. Bakul rujak buwah surungan sarta bakul bakso uga markir rombonge ana kono. Papane edhum, kepenak kanggo ngaso merga kaeyuban ngrembuyunge godhong ringan. Siji loro tukang becak nyopot capil cekuthuke kanggo nepasi awak sing kemringet. Saperangan liyane ngematake udud karo turon ing jok. Hawane pancen sumuk, ketambahan srengenge sangsaya nyengkrek menyang satengahe langit.

(...)

Tukang pos rogoh-roguh sak clana. Dumadakan ... ceg, klik! Weruh-weruh tangan ngathung iku wis kaborgol. Kulit ireng njala. Paket diuncalake. Tukang pos kulitan pucet pawakan kuru didugang nganti kontal metu saka pager. Kanthi tangan tengen isih kecathelan borgol, wong ireng lan rewange cekat-ceket mbudidaya nutup lawange pager. (GSP, seri 14:19-20)

Kedadeyan kasebut cetha banget nalika wayah awan. Kagambarake kanthi ukara “Hawane pancen sumuk, ketambahan srengenge



sangsaya nyengkrek menyang satengahe langit.” Ing kanyatan biyasane yen wis wayah awan iku pancen kahanane sumuk lan panase srengenge sansaya krasa, apamaneh ing kutha Surabaya kaya dene sing ana ing crita GSP.

Saka andharan kasebur bisa kadudut yen kelir wektu jrone crita gonta-ganti, wengi, awan, sore, lan sapiturute. Gegambaran wektu sing gonta-ganti nuwuhake swasana kang beda-beda, cocog karo dumadine lelakon, saengga crita dadi dinamis. Kelir wektu kang digambarake ora njlimet, pamaos dianggep wis ngerti kahanan wektu kang dicritakake.

### 1.4.3 Kelir Sosial-Budaya

Kelir sosial-budaya yaiku ngenani kahanane masyarakat ing crita kasebut. Sing sepisanan, jroning crita kasebut digambarake kahanane Kethoprak Waskitha Budaya ing Kutha Surabaya. Pengarang nggambarake pementasan kethoprak kanthi lakon “Arya Panangsang Gugur” sing dipentasake dening kelompok Kethoprak Waskitha Budaya. Diwiwiti saka gambaran yen pentas sing diadhakake kasebut gratis ateges penontone ora ditarik karcis.

“Pun main kethoprake?” wong dhapah nyuwara serak ngagor-agori, ababe banger.

Hirno mlengos, nyawang arloji lawas sing ngubed ugel-ugel kiwane. Kaleb gelange arloji wis gripis kepangan umur. “Sekedhap malih, taksih selingan tari-tarian. Mangga terus mlebet mawon.”

“Karcise pinten?”

“Gratis, sedaya pun ditanggung Dinas Kabudayan.”

“Praharsini siyos main?”

“Sini? Nggih siyos ta. (...) (GSP, seri 1:19)

Uga dicritakake yen ing gedhung pementasan bengi iku lumayan rame, penontone rada akeh. Saka 200 kursi seprapate wis kisenan. Banjur digambarake yen sadurunge kethoprak diwiwiti, dibukak tari-tarian kreasi anyar sing ditampilake dening kenya papat sing dandan cara padesan.

(...) Saka kursi 200, seprapate kisenan. Swasana repet-repet merga sakehing lampu kapunjerake menyang panggung kang lagi mentasake joged kreasi anyar penarine kenya papat. Ngindhit senik nyekel pugut. Dandan cara padesan,

kemben wates kentol, ndhuwuran prasaja. Caping cilik ngrenggani sirah. Pawakan sedhet, kulitane mrusuh.solahe sigrak, megal-megol ngenut wiramaning gendhing. Kala-kala gawe kalangan, banjur mubeng karo lenggat-lenggut. Nggambarake swasana gumbira ani-ani pari. Jumbuh karo jenenge tari, *Ani-ani*. (GSP, seri 1:19)

Sawise tari-tarian pambuka, kabeh para pemain wis siap miwiti pentas kanthi lakon “Arya Panangsang Gugur”. Pengarang nggambarake kanthi cetha sapa wae paraga jroning lakon mau, uga adhegan-adhegan sing ana ing kethoprak kasebut.

Uga tinemu jroning crita GSP, bab-bab liyane kang ana sesambungane karo sosial-budaya. Kayata gegambaran ngenani polisi. Kepala kepolisian sektor lan pangkate, banjur pangkat lan jabatane anggota polisi. Sajrone crita kasebut pengarang nggambarake polisi kanthi cetha, tuladhane Polisi Pamungkas kang njabat dadi kepala kepolisian sektor Tambaksari lan nduweni pangkat komisaris.

“Leres. Kula Pamungkas, Kapolsek Tambaksari. Njenengan?” pitakone nganggo basa krama jangkep. (...)

Komisaris Pamungkas noleh. Mripat mencereng. Nom-noman sing mentas nyuwara dipandeng tajem. Sajak ora seneng kekarpane dianyang, apamaneh dening pawongan sing durung tau ditepungi. (GSP, seri 3:19)

Saliyane iku, ing crita GSP uga digambarake ngenani pangkat lan jabatane anggota polisi liyane yaiku Polisi Gunaryo sing dadi andhahane Polisi pamungkas. Sajrone crita kasebut Polisi Gunaryo digambarake nduweni pangkat Inspektur lan nduweni jabatan Kanit Reskrim.

Komisaris Pamungkas ora nampa laporan apa-apa saka mobil patrol kang kapatah ngulat-ulati metune penonton sing patut disujanani sambung karo tiwase Praharsini.laporan sing ditampa Pamungkas mung saka Inspektur Gunaryo bab tinemune stagen ijo tuwa kurugan gagal. (GSP, seri 4:19)

Sajrone crita GSP, pengarang uga nggambarake sawijine detektif suwasta sing penampilane *low profile* (sederhana), ora sombong. Detektif kasebut yaiku Setyawan. Dheweke digambarake minangka detektif sing ora seneng pamer nadyan jasane marang polisi gedhe banget.

“Ah, media massa namung ngageng-ngagengaken pawartos. Inggang saget mbengkas rajapejah nalika semanten inggih kapolsek ngrika, mas Amongdenta saandhahanipun. Kula namung dhapur mbiyantu udhu-udhu pemanggih saperlunipun kemawon.”

“Hehehe...yen ngunu cocog karo kabar sing tau dak krungu menawa detektif Setyawan ngunu wonge anoraga. Ora seneng dialebana, ora seneng cumongol-congol golek rai nadyan lelabuhane marang pulisi gedhe banget. Wis dhik prayogane kowe aja basa marang aku, wong umure kene ora kacek adoh banget-banget.”(GSP:20)

Kelir sosial budaya jroning crita GSP digambarake dening pengarang kanthi urip lan nengsemake. Saliyane iku, ugu nuduhake yen pengarang pancen nduweni kawruh ngenani kesenian kethoprak. Semono uga gegambaran ngenani lembaga kepolisian lan detektif swasta bisa dibedakake.

## 1.5 Basa

Kukuh S. Wibowo minangka pengarang ngetokake gagasane utawa critane kanthi migunakake basa sing gampang dimangerteni dening pamaos. Sing digunakake dening pengarang yaiku basa sabendinan. Sacara umum pengarang migunakake basa ngoko kanggo narasi.

Wicitra age-age menyang mburi. Dinarsa lan murdanu nututi mencolot pating bleber. Pemain-pemain liyane kaget. Saperangan melu nututi Wicitra, kalebu Dhimas harminta sing dhapuk Sultan Hadi Wijaya lan Digda Suratman kang maragani Arya Panangsang. (...) (GSP, seri 2:19)

Banjur ana saperangan pirembugan sing migunakake basa krama kanggo nuduhake yen sing cecaturan yaiku antarane wong enom lan wong sing luwih tuwa.

“Bapak saking kapolsek?”

“Leres. Kula Pamungkas, Kapolsek Tambaksari. Njenengan?” pitakone mawa basa krama ganep.

“Kula Wicitra pimpinan kethoprak.”

(...) (GSP, seri 3:19)

Basa ngoko lan basa krama ndadekake basa Surabayaan sing digunakake sajrone crita kasebut luwih urip.

Sajrone cerbung *Getih Sri Pangung* iki pengarang pingin nggambarake yen crita iki pancen ana ing Surabaya kanthi menahi penekanan-penekanan nganggo basa surabayaan.

“Ngene pak, anane kowe dakceluk mrengse iku sejatine aku butuh keteranganmu magepokan karo rajapati ing Taman Panglipur mau bengi.”

“Keterangan apa yang ingin pak Gun butuhkan dari saya.”

“Prasaja wae, apa bener Mursidi kok prentah nagih utang nyang Praharsini?” Tegese tanpa ulas-ulas pitakone Gunaryo. Nganggo basa ngoko Suroboyoan. (GSP, seri 8:20)

## 2 Foreshadowing

### 2.1 Mursidi

Nalika gendhing-gendhing isih dimainake, ngiringi tari-tarian, ora nyangka meneng-meneng ana pawongan dhepah kang teka nganti ngagetake Hirno. Pawongan kasebut digambarake yen awake gedhe dhuwur, wetenge mbedhah, kulite ireng lan rambute madhul-madhul. Dheweke clingukan nguwasi saisine gedhong. Polatane rongeh, lungguhe ora jenak.

Hirno lungguh kursi spon. Sirah semendhe tembok, jempole uwet mijet-mijet ha-pe mbalesi es-em-es. Gragapan nalika ujug-ujug mak bedhengus ana pawongan gedhe dhuwur mecungul saka walike baliho. Hirno rumangsa gurung tau wanuh. Umur-umurane wong dhepah iku watara seket taun. Weteng mbedhah, kulite ireng nyawo bosok, rambut madhul-madhul. Raine burik, lambe kandel, bregos arang-arang. Penganggone kumel, clana komprang modhel taun pitung puluhan. Klambi putih mangkak, dirangkepi jaket kain warna soklat tuwa. Nalika cecedhakan, Hirno mambu ganda apeg kawimbuhan kecute kringet.(GSP, seri 1:19)

Wong dhepah iku katon yen sejatine ora pingin ndeleng kethoprak, merga olehe nyawang katon ana sing didoleki. Sawise nyawang saisine gedhong dheweke banjur unjal pitakon marang Hirno. Wong dhepah kasebut nakokake Praharsini. Dheweke takok apa ing wengi iku Sini sida melu tampil apa ora. Pitakone kasebut banjur disauri Hirno kanthi cetha, yen Praharsini jelas melu maen kethoprak ing wengi iki.

Sing saya ngyakinake yen wong dhepah kasebut pantes disujanani yaiku amarga katrangan saka Pak Hirno. Pak Hirno nyritakake marang Detektif Setyawan ngenani masalah Mursidi sing nggoleki Praharsini nalika wengi iku, wengi nalika Sini ditemokake mati ing kamar riyase.

## **2.2 Sandipala**

Sajrone crita kasebut pengarang nyritakake yen Mursidi ditemokake mati ing gubeng mergo dijemparing gulune. Pulisi saya bingung, pawongan sing dianggep bisa weneh katrangan lan mbukak dalan nenani matine Sini, uga ditemokake mati kanthi cara diperjaya. Kanthi ndeleng barang bukti arupa panah sing digawe jemparing gulune Mursidi. Pulisi Pamungkas eling marang durjana sing jenenge Sandipala. Sandipala minangka durjana ing jaman biyen kang jago migunakake jemparing. Saka kunu, pulisi sujana yen matine Mursidi ana sangkut paute karo durjana sing aran Sandipala.

Rampung menet-menet pilingane, Pamungkas banjur mluruti bathuk.dalane sing diambah katon lelimengan. Siji-sijine cahya kanggo nuntun lakune mung panah sing tumancep gulune Mursidi. Pamungkas eram, ing jaman sarwa modern ngene isih ana durjana agegaman panah. Sing gawe gumune Pamungkas, genea durjana iku ora mbuwang barang bukti lan tetep ngetogake panahe keru ing gulune Mursidi? Apaniat dijarag kanggo mancing kawigatene pulisi? Pamungkas gedheg-gedheg.

Nyut, dheweke kelingan paraga aran Sandipala, durjana legendharis, yen kena diarani mengkono, sing ngendelake ketrampilan ulah jemparing, tulup, glathi, tumbak, clurit, lan maneka gegaman tradisional liyane jroning nindakake kadurjanan. Nalika Pamungkas lagi banyak mlebu SD, jeneng Sandipala isih

sok dadi pocapan. Yen dheweke arep mapan turu, bapake kerep ndongeng ngenani kasektene Sandipala.

Sandipala kawentar titis nglepasake panah. Saking titise nganti keconggh manah Sikatan sing lagi kekejer ing angkasa. (...) (GSP, seri 9:19)

Saka virasat iku pulisi golek informasi ngenani Sandipala lan nglacak panggonani Sandipala sarta muride.

## **2.3 Ulupi**

Saliyane Mursidi lan Sandipala uga ana pawongan liyane sing disujanani dening pulisi. Sujanane pulisi miturut barang bukti kang ditemokake ing TKP. Nalika sawise kedadeyan rajapati kasebut, polisi mriksa panggonan-panggonan sacedhake TKP. Sapa ngerti ana barang utawa pratandha liya sing bisa ditemokake lan didadekake barang bukti. Sapinter-pintere durjana mesthi ninggalake tlacak. Mula sawijine pulisi yaiku Gunaryo meneng-meneng mlaku-mlaku ing cedhake TKP.

Gunaryo nitik swasana ing sakupenge TKP. Nalika iku Gunaryo nemokake diskotik sing wis ora digawe. Ing cedhake kunu ana kirik loro sing buron karo jegog-jegog. Kirik kasebut nyedhaki gagal lan nalika diparani dining Gunaryo kirik loro kasebut nyingkir. Ing tumpukan gagal kasebut Gunaryo nemokake kain. Kain kuwi terus ditarik lan digawa ing panggonan sing luwih padhang.

Sapa weruh kain kasebut ana sesambungane karo matine Praharsini lan uga bisa didadekake barang bukti. Sawise ditlesek pranyata kain stagen kasebut duweke Ulupi, salah sawijine anggota Kethoprak Waskita Budaya.

Amarga kedadeyan stagene Ulupi sing ditemokake kurugan gagal, pulisi nduweni pikiran yen matine Praharsini ana sesambungane karo Ulupi. Pulisi nyujanani yen Ulupi sing merjaya Sini. Mula pulisi golek katrangan saka Ulupi uga saka wong liya sing mangerteni sesambungane Ulupi lan Sini.

## **2.4 Prayitno**

Prayitno sejatine pawongan kang rada adoh saka masalah iki lan ora mungkin disujanani, nanging ing crita iki pengarang weneh gambaran kang gawe ruwete pamikire pamaos. Sajrone crita kasebut pengarang nggambarake yen Prayitno, wong bagus sing di senengi dening Ulupi lan uga cedhak karo Sini iku uga

pantes disujanani, mula ing kunu dicritakake yen Detektif Setyawan uga golek katrangan ngenani Prayitno, uga sesambungane karo Sini marang Bandiyah. Sadurunge Setyawan takon menyang Bandiyah, dheweke wes takon disek menyang Pak Citra, mula wektu karo bandiyah dheweke wis mangerteni yen Ulupi duwe sesambungan karo Prayitno.

“Yen ngono apa sampeyan tau krungu Ulupi lan Praharsini ngesir priya sing padha?”

Wicitra meneng karo ngeling-ngeling. Ujare semu kurang yakin, “Mmm...yen Ulupi kabare pancen duwe sir-siran, jenenge Prayitno, bocah saka malang. Sawetara wektu kepungkur sir-sirane Ulupi kuwi dolan mreng. Malah kober dikenalake aku. Sikepe sopan, andhap asor, kathek rupane bagus. Ning apa Praharsini ya melu duwe rasa sir karo Prayitno, aku ora ngerti. Sapa sing bisa maca pangrasane liyan?” (GSP, seri 7:19)

Saka kunu iku bisa diarani yen sejatine Detektif Setyawan uga sujana marang Prayitno. Nanging ing kunu pengarang uga nyritakake yen sejatine Ulupi uga sujana yen sing merjaya Sini yaiku Prayitno. Tanpa diweruhi sapa-sapa, pranyata Ulupi nduweni pikiran yen sejatine Prayitno sing merjaya Praharsini.

### **3. Surprise Ending**

Para paraga sing disujanani dening pulisi lan Detektif Setyawan minangka durjana kaya Mursidi, Ulup, Sandipala lan Prayitno iku salah. Ing kono bisa dideleng yen pengarang pingin nggambarake crita detektif kasebut kanthi nyingitake durjana sing sejatine. Saengga sajrone maca crita kasebut, pamaos uga bisa salah tafsir ngenani sapa sing merjaya Sini. Pungkasane crita pranyata Detektif Setyawan tanpa dinyana bisa miyak sapa sejatine sing merjaya Sini.

Nalika bukti-bukti wis dirasa cukup, Setyawan wiwit nggathuk-nggathukake. Dheweke nliti sesambungane kedadeyan-kedadeyan lan barang bukti sing ditemokake, nganti dheweke nggawe dudutan yen satenane sing mateni Praharsini yaiku anak angkate Pak Prabakesa. Pulisi ora nyangka yen sing marjaya Sini yaiku John Baunu anak angkate Pak Praba. Detektif Setyawan crita marang polisi Pamungkas, kenapa dheweke bisa nyujanani bojone Sini lan anak angkate.

“Saiki seje sing dak rembug, dhik. Anane sliramu dakundang mreng bareng pak Wicitra iki satemene aku penasaran. Kepriye caramu njupuk dudutan yen yen sing merjaya Praharsini kuwi John Baunu, anak pupone pak Prabakesa?”

“Merga barang iki mas,” celathune Setyawan karo nggogohi sak jaket. Ngetokake barang cilik mrengil saendhog gemak gedhene. Pamungkas karo Wicitra mlilik.

“Apa kuwi dhik? Kok kaya pentil jambe?”

“Ora luput mas, iki pancen jambe sing isih enom.”

“Kosik ta, pentil jambe kaya ngene iki bisa dadi pituduhmu miyak rajapati tumaruntun? Ah, mbok aja ngayawara ta dhik,” ucape Pamungkas semu ora ngandel.

“Serius mas. Satemene aku ora sengaja nemu pentil jambe iki. Nalika panjenengan sarawang kundur saka Taman Panglipur sawise olah TKP ing wengi sedane mbak Sini kae, aku bali kliter-kliter ana kiwo tengene kios. (...)” (GSP, seri 15:19)

Saka kono uga bisa dideleng yen pengarang pancen nata crita kasebut kanthi apik lan muyek. Pengarang nyoba nuduhake konvensi crita detektif marang pamaos kanthi runtuting crita sing apik, saengga para pamaose uga melu migunakake imajinasine. Para pamaos uga melu sujana marang pawongan-pawongan sing uga disujanani dening pulisi lan detektif sjrone crita kasebut, senajan sing disujanani iku pranyata dudu durjana sing satemene.

Saliyane iku, pengarang uga gawe para pamaose kaget karo pungkasan crita. Pranyata sing mateni yaiku John Baunu anak angkate Pak Praba. Bab iku ngagetake amarga wong loro kuwi, Pak Praba ora patiya di soroti ing crita mligine John Baunu babar pisan ora tau dibahas ing tengahing crita, nanging pranyata malah kekarone sing dadi durjanane.

Bab iku ngagetake banget, amarga kanthi barang bukti pentil jambe wae bisa dilarah sapa durjanane kanthi wektu sing ora suwe. Nanging yen dinalar maneh, kanggone detektif lan pulisi ora ana sing ora mungkin. Saliyane barang bukti pentil jambe kasebut, Detektif Setyawan uga golek informasi ngenani panah

sing dienggo mateni Mursidi liwat internet. Saliyane iku, sadurunge Detektif wis golek informasi liwat internet ngenani kabiyasaane wong Irian Jaya sing senengane ngingang migunakake jambe. Banjur dheweke uga nakokake bojone Sini marang Pak Citra senajan informasine mung sithik. Mula saka iku bisa diarani masuk akal yen Detektif Setyawan bisa miyak wewadi rajapati kasebut kanthi wektu sing singkat.

Sejatine wiwit awal wis ana tandha-tandha kang ngarah marang paraga sing merjaya Praharsini. Ing episode 6 dicritakake anake Hirno (penjaga pintu/ tukang karcis) kethoprak lara panas jalaran kaget weruh rerupan medeni kaya gendruwo. Jebul wayangan kasebut klebate John Baunu sing pancen awake gedhe lan kulitane ireng, jalaran putra asli Irian Jaya.

### 3. Pigunane Cerbung Getih Sri Panggung

Saben karya sastra mesthi nduweni piguna. Sing nomer siji cerbung *Getih Sri Panggung* iki bisa kanggo sarana hiburan kanggo pamaose. Minangka karya sastra, cerbung kasebut nduweni crita sing narik kawigaten kanggo diwaca. Pengarang nyritakake crita kasebut kanthi runtut lan apik saengga gawe penasarane pamaos. Kanthi maca crita *Getih Sri Panggung*, bisa gawe seneng ati lan pikirane pamaos.

Nomer loro, karya sastra arupa cerbung aksebut bisa *memperkaya jiwa/ emosi* pamaose liwat pengalaman uripe para paraga sajrone crita. Tegese, saka crita kasebut pamaos bisa blajar ngendhalekake awake, pikirane lan emosine saka kepriye paraga-paraga sajrone crita ngdhepi masalae. Pamaos bisa blajar ngatur emosine nalika maca crita sing kebak pitakonan kaya cerbung *Getih Sri Panggung*. Pamaos bisa blajar kepriye ngadhepi pawongan sing rada angel kaya dene paraga Aseng.

Nomer telu, cerbung *Getih Sri Panggung* kasebut nduweni guna kanggo nambahi kaweruh *intelektual* marang para pamaose. Pamaos bisa nambah kaweruhe kasebut saka gagasan, pamikir sarta panguripane paraga sajrone crita kasebut. Tuladhane wae, pamaos bisa ndeleng pamikiran paraga detektif Setyawan sing ora seneng grusa-grusu. Saliyane iku kita uga bisa blajar kepriye carane miyak wewadi kaya sing dilakoni detektif Setyawan.

Sabanjure sing nomer papat yaiku karya sastra uga migunani kanggo donyane pendhidhikan. Semono uga karya sastra kang awujud crita *Getih Sri Panggung*. Crita GSP bisa didadekake bahan panliten sastra. Cerbung GSP bisa didadekake bahan panyinaon sastra ing sekolah.

Nomer lima, karya sastra bisa diarani minangka penggambaran saka masyarakat. Semana uga cerita *Getih Sri Pangung* sing nggambarake kedadeyan-kedadeyan sing mungkin wae ana ing masyarakat Surabaya. Saka crita kasebut pamaos bisa nggambarake kepriye angele urip ing kutha Surabaya. Bisa menahi gambaran marang pamaos ngenani kepriye pakaryane detektif lan para polisi.pamaos bisa weruh kepriye tahap-tahapane detektif lan polisi nalika miyak salah sawijine wewadi rajapati.

### PANUTUP Dudutan

Crita sambung *Getih Sri Panggung* anggitane Kukuh S. Wibowo mujudake crita detektif. Crita detektif kalebu jinise sastra hiburan kang nengenake fakta crita. Kang paling onjo sajrone crita detektif *Getih Sri Panggung* yaiku wujud crita detektif kasebut, mligine ing babagan alur, yaiku kepriye carane paraga detektif miyak kadurjanan.

Detektif Setyawan mujudake paraga sentral ing antarane paraga-paraga tritagonis kang dumadi saka para pulisi penegak hukum. Kanthi keahliyane, Detektif Setyawan kasil miyak sapa sejatine paraga kang wis mentala mateni Praharsini bintang panggung kethoprak Waskita Budaya, yaiku John Baunu.

Kawiyake paraga durjana kang tega mateni Praharsini tetela ora gampang. Pamaos bakal kesasar ngira-ira sapa sejatine paraga durjana mau jalaran pengarang ngecakake teknik foreshadowing, yaiku nggambarake paraga-paraga kang sajak pantes disujanani minangka paraga kang mateni Praharsini adhedhasar alasan-alasan tinamtu. Paraga-paraga mau ing antarane Mursidi, Ulupi, Prayitno, nganti paraga mitologis Sandipala kang sejatine wis mati lan di kubur ing wilayah Trawas, Mojokerto.

Sing ora kalah wigati yaiku babagan kelir utawa setting. Ironing cerbung GSP pengarang bisa nggambarake kahanane kesenian kethoprak kanthi becik, bab panggung, gendhing, lakon, kahanane gedhung, penonton lan liya liyane. Semono uga pengarang bisa

nggambarake kahanane kutha Surabaya kang dadi kelir dominan jroning crita kasebut kanthi nyebutake arane dalan-dalan sing ana ing Surabaya, ing antarane Lurung Wijaya Kusuma lan Lurung Pacarkeling.

Crita saya narik kawigatene pamaos nalika pengarang ora mung nyritakake kanthi alur maju nanging uga nggambarake crita kasebut kanthi alur *flashback*. Salah sawijine nalika crita ngenani Sandipala nalika lagi dioyak dening pulisi.

Saliyane iku, sing nggampangake pamaos anggone mangerteni crita kasebut yaiku, karena pengarang migunakake basa ngoko lan basa krama. Sacara umum pengarang migunakake basa ngoko sajrone narasi. Banjur ana saperangan pirembugan sing migunakake basa krama kanggo nuduhake yen sing cecaturan yaiku antarane wong enom lan wong sing luwih tuwa. Kalorone ndadekake basa Surabayaan sing digunakake luwih urip.

Kang pungkasan, asiling panliten iki ngenani pigunane cerbung Getih Sri Panggung tumrap para maos. Pigunane cerbung Getih Sri Panggung kasebut ing antarane bisa kanggo sarana hiburan, bisa *memperkaya jiwa/ emosi* pamaose liwat pengalaman uripe para paraga sajrone crita, kanggo nambahi kaweruh *intelektual* marang para pamaose, migunani kanggo donyane pendhidhikan lan sing pungkasan bisa diarani minangka penggambaran saka masyarakat.

### Pamrayoga

Cerbung GSP critane muyeg lan nampilake kedadeyan-kedadeyan kang bisa gawe dheg-dhegan lan penasaran tumrap pamaca. Minangka jinise sastra hiburan, cerbung GSP cukup narik kawigaten.

Senajan mangkono, ora ateges cerbung GSP mujudake karya kang sampurna jalaran ana perangan-perangane crita kang ora mulih nalar utawa ora logis. Perangan kasebut yaiku ngenani paraga John Baunu.

Dicritakake John Baunu mujudake bocah Irian Jaya lan wiwit cilik dipupu dening Pak Praba, kanggo males budi marang wong tuwane John Baunu. John Baunu banjur digawa menyang Surabaya nganti Pak Praba pensiun saka dinas militer. Anehe John Baunu dicritakake trampil nggunakake panah. Semono uga John Baunu dicritakake isih seneng ngingang nggunakake jambe saengga untune dadi katon ireng. Nalare senajan nggunakake panah minangka senjata mujudake

budaya lokal Irian Jaya, mesthine John Baunu wis ora kober gladhen jalaran ndherek Pak Praba. Tradisi ngingang uga wis ora dilakoni John Baunu.

### Kapustakan

- Aminudin. 2011. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Pernerbit Sinar Baru Algensindo
- Arikunto. Suharsimi. 1993. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: PT. Rineka Cipta
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kusastran Jawa Modern*. Surabaya
- Nurgiantoro, Burhan. 1995. *Teori pengkajian fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Okviyanti, Beti. 2012. *Alur Sajrone Novel Detektif Pethite Nyai Blorong Anggitane Peni: Tintingan Struktural*. Skripsi tidak diterbitkan
- Pradopo, Rachmat Djoko. 1997. *Prinsip-prinsip Kritik Sastra*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Pradopo, Rachmat Djoko dkk. 2001. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: PT. Hanindita Graha Widia
- Prawoto, Poer Adhie. 1991. *Keterlibatan sosial Sastra Jawa Modern*. Solo: PT. Tri Tunggal Tata Fajar
- Ratna, Nyoman Kutha. 2012. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Sonia, Gita. 2012. *Struktur Naratif dan Penokohan Tokoh Utama Pada Novel Garuda Putih Karya Suparto Brata*: Skripsi tidak diterbitkan
- Suwondo, Tirto dkk. 2006. *Antologi Biografi Pengarang Sastra Jawa Modern*. Yogyakarta: PT. Tiara Wacana Yogya
- Teeuw. A. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Bandung: PT. Karya Nusantara
- Tim. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai pustaka
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1990. *Teori Kusastran* (diterjemahkan oleh Melani Budiarta. Jakarta: PT. Gramedia
- Wibawa, Kukuh S. 2013. *Getih Sri Panggung*. Surabaya: Panjebur Semangat